

ENFÒMASYON

Aksè nan pwogram sosyal Kebèk ak Kanada yo gen anpil rapò ak **rezidans** moun nan. Sa vle di ou ka pèdi **dwa pou jwenn sèvis ak prestasyon piblik** yo si ou pa nan peyi a oubyen nan pwovens la pandan yon sèten peryòd tan.

Selon divès lwa ki aplike, definisyon kritè rezidans la ka diferan soti nan yon pwogram al nan yon lòt. Dokiman sa a prezante yon rezime kritè rezidans pou chak pwogram pamí prensipal pwogram sosyal yo.

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral, se pa ni yon avi ni yon opinyon jiridik. Sistèm imigrasyon Kanada ak Kebèk konplike anpil; kèk fwa, sa ka mete w nan sitiyasyon tèt chaje. Li enpòtan anpil pou nou konsilte espesyalis pou ba nou bon jan esplikasyon sou bagay ki patikilye yo. Enfòmasyon ki nan dokiman sa a revize nan mwa me 2017.

Pou plis enfòmasyon ak yon lis resous, konsilte gid nou fè pou entèvenan kominotè yo: « L'accès des personnes immigrantes et réfugiées à des mesures sociales au Québec », ki disponib gratis sou : www.servicesjuridiques.org

Nou vle remèsyé « ministère de la Justice du Québec » (Fonds Accès Justice) pou èd finansyè yo. Opinyon ki nan dokiman sa a pa vrèman reprezante opinyon « ministère de la Justice du Québec ».

Seri sa a disponib tou (an franse, angle, arab, chinwa senplifye, kreyòl ak espanyòl).

- Ou se demandè azil o Kebèk
- Ou se refijye aksepte o Kebèk
- Ou se refijye refize o Kebèk
- Ou se travayè tanporè, etidyan etranje o Kebèk
- Ou se titilè pèmi sejou tanporè o Kebèk
- Ou se rezidan pèmanan o Kebèk
- Ou se yon san papye o Kebèk

Dépôt légal 2017
Bibliothèque et Archives nationales du Québec
Bibliothèque et Archives Canada

Le critère de résidence

KRITÈ REZIDANS

An rapò avèk aksè nan pwogram sosyal yo



Rezidan pèmanan

Yon rezidan pèmanan ki kite Kanada pandan yon sèten tan ka pèdi estati rezidan pèmanan an. Yon rezidan pèmanan dwe rete sou tè Kanada a pou pi piti **2-an** (730 jou konsekitif ou non) **sou yon peryòd 5-an**.

Èd sosyal

Yon moun sou èd sosyal pèdi dwa nan sèvis prestasyon li yo si l rete deyò Kebèk pandan **7 jou youn apre lòt** oubyen plis pase **15 jou youn plis lòt** pandan yon mwa. Gen kèk eksepsyon pou rezon medikal.

Prestasyon familyal

Pou w gen dwa nan prestasyon familyal yo (**alokasyon kanadyen pou timoun** nan federal e **soutyen pou timoun** nan pwovensyal) fòk ou Kanada (Kebèk pou soutyen pou timoun yo) pandan **mwatye nan ane** a pou pi piti (183 jou).

Lojman

Jeneralman, yo pa janm fòse moun rete lakay li.

Eksepsyon : si ou rete nan yon lojman sosyal tip **HLM** epi ou pati pou yon dire long, pwopriyetè a (Office municipal d'habitation) ka mande rezilyasyon bay la si w ka demonstre ou p ap viv Kebèk ankò.

Èd jiridik

Yon moun ki bezwen sèvis èd jiridik ap konsidere rezidan Kebèk si se la li toujou rete.

Viktim zak kriminèl

Yon moun ki viktim zak kriminèl Direktè endamnizasyon viktim zak kriminèl la (IVAC an franse) ka endamnize kelkeswa estati imigrasyon li epi li pa oblige rete Kebèk pou l gen dwa jwenn prestasyon yo.

Aksidan machin

Nan ka aksidan machin Kebèk oubyen nan peyi etranje, tout rezidan legal asire nan Sosyete Asirans Otomobil Kebèk la (SAAQ an franse) pou domaj nan kò l yo, kelkeswa degré responsabilite l nan aksidan an.

Pou w admisib kòm rezidan Kebèk, fòk ou rete Kebèk pandan **mwatye ane** (183 jou) pou pi piti. Moun ki jwenn prestasyon deja nan SAAQ pa oblige rete Kebèk pou l kontinye resevwa prestasyon l yo.

Moun yo pa konsidere kòm rezidan Kebèk, par egzanp moun ki san estati ak touris yo, ka admisib pou jwenn prestasyon SAAQ yo pou aksidan machin ki fèt Kebèk. Nan ka sa yo, admisiblité a ap fèt selon degré non responsabilite l nan aksidan an (eg.: responsab 50% nan aksidan an).

Retrèt

Yon moun ki resevwa panson li nan «**Régime de rentes du Québec**», retrèt Kebèk la bay, ka kontinye resevwa l menm si l pa rete Kebèk ankò.

Si ou gen dwa jwenn prestasyon «**sécurité de la vieillesse**» gouvènman federal la, w ap jwenn panson an kelkeswa kote ou rete si ou te rete Kanada 20-an pou pi piti depi nan laj 18-an.

Yo ka ajoute «**supplément de revenu garanti** (SRG)» a sou sekirite vyeyès la selon sitiyasyon finansyè a, men w ap pèdi dwa nan SRG si ou kite Kanada pandan plis pase **6 mwa**.

Asirans maladi ak medikaman

Pou w gen aksè nan **asirans maladi ak asirans medikaman** «Régie de l'assurance maladie du Québec (RAMQ)», fòk ou rezidan Kebèk epi rete Kebèk pou pi piti **mwatye nan ane** a (183 jou). Absans 21 jou pou pi piti pa konte (ni jou ale ak jou tounen yo).

Li posib pou w mande RAMQ yon **eksepsyon apre chak 7-an**. Sa vle di li posib pou w rete deyò Kebèk pandan yon ane chak 7-an epi ou toujou admisib nan asirans maladi ak medikaman.

Gen eksepsyon tou pou moun ki entène lopital nan yon lòt peyi epi ki pa ka retounen Kebèk.

Asirans-anplwa

Yon moun ki sou asirans anplwa pèdi dwa prestasyon li yo pandan li deyò Kanada.

Men, yon moun ka kite Kanada pandan **7 jou** si l bezwen al vizite yon fanmi ki malad oubyen fè yon antrevi nan yon lòt peyi.

Li posib pou w vwayaje al nan yon lòt pwovens Kanada san w pa pèdi prestasyon yo si w kontinye chache travay pandan sejou a.